

# Leson 1: Prepare ak Dirije Reyinyon

*Ou kapab anseye tout leson sa a oubyen separe l an segman ki pi kout. Adapte leson an a sikonstans lokal ou yo ak bezwen yo, laj yo, ak konpreyansyon kowòm ou an oubyen prezidans klas ou a.*

## SENYÈ A ENVITE NOU POU NOU ÒGANIZE NOU

Li [Doktrin ak Alyans 88:119](#). Diskite sou kijan enstriksyon Senyè a pou nou “òganize nou” an aplike a reyinyon kowòm lan ak prezidans klas yo. Ki bagay nou kapab fè pou nou òganize reyinyon nou yo?

## PLANIFYE REYINYON YO EDE NOU ÒGANIZE TRAVAY SENYÈ A.

Ede kowòm lan oubyen prezidans klas la ranpli yon [modèl òd dijou](#) pou prepare pwochen reyinyon prezidans yo a. Anvizaje diskite kesyon sa yo ansanm:

- Poukisa li enpòtan pou nou egzamine kesyon tankou sa yo nan modèl òd dijou a?
- Ki lòt reyinyon oubyen aktivite nou kapab prepare fason sa a?
- Kijan nou kapab envite Sentespri a pou L ede nou pandan n ap planifye ak dirije reyinyon yo? Gade nan [Mowoni 6:9](#); [Doktrin ak Alyans 46:2](#).)

Ou ta kapab envite manm prezidans lan tou pou yo prepare yon òd dijou pou pwochen reyinyon kowòm lan oubyen klas la ki suiv chema yo bay nan chak leson ki nan [Vini, Suiv Mwen—Pou Kowòm Prètriz Aawon yo ak Klas Jèn Fi yo](#). Envite yo reflechi sou pwen yo te diskite nan reyinyon prezidans yo a ki dwe diskite tou avèk manm kowòm lan ak manm klas la. Si tan an pèmèt sa, ou kapab envite yo pou fè pratik dirije yon reyinyon pandan y ap itilize yon òd dijou yo te prepare.

Regilyèman, ou gen dwa vle diskite sou jan manm prezidans lan te santi yo konsènan yon reyinyon. Nan kad diskisyon sa a, ou kapab poze kesyon tankou sa yo:

- Èske reyinyon an te akonpli sa nou te prevwa a?
- Kisa nou te fè pou nou te envite Lespri a nan reyinyon nou an? Gade nan [Doktrin ak Alyans 6:32](#).)
- Èske nou te eseye enkli tout moun?
- Kijan nou ka amelyore?

## RESOUS POU SIPÒ

- *Manyèl Jeneral: Sèvi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo*, [10.4](#), [11.3.4](#), [ChurchofJesusChrist.org](#).